

## MONROE COUNTY TITLE ONE SCHOOLS

GERALD ADAMS  
HORACE O'BRYANT  
KEY LARGO  
POINCIANA  
STANLEY SWITLIK

LEKOL NOU SOT SITE LA A YO TOUT NAN PROGRAM TITLE I LA. TOUT LEKOL SA YO DWE UTILIZE LAJAN TITLE I LA NAN KO LEKOL LA-POU EDE ELEV KI NAN BEZWEN NAN LEKOL LA. YON ELEV PAP BEZWEN KALIFIYE PESONÈLMAN POU PATISIPE NAN PROGRAM LA. TOUT ANPLWAYE LEKOL LA AP FE TOUT SA YO KAPAB POU EDE AMELYORE TOUT PROGRAM EDIKASYON LEKOL LA GENYEN EPI EDE TOUT ELEV FE PLIS EFO AKADEMIKMAN, ESPESYALMAN ELEV KI FE MWENS NOT NAN EGZAMEN YO.



*ACADEMIC EXCELLENCE  
+ PARENT INVOLVEMENT  
= SUCCESSFUL STUDENTS*

## Glossary of Terms

**NCLB:** Se yon Abrevyasyon ki vle di No Child Left Behind Act of 2001, public Law 107-110. Yon program ki di ke lekòl la dwe tout elèv.

**TITLE I:** Program Title I yo dwe ede tout elèv njwen yon pi bon edikasyon, espesyalman elèv ki pi ba yo.

**AMO:** Annual Measurable Objectives. Depatman Edikasyon nan Florida egzije tout lekòl pou yo rapòte pèfòmans anyel Annual Measurable Objectives (AMOs) yo nan diferan domèn akademik

**FCAT:** Florida Comprehensive Assessment Test. Se tèst tout paran, profesè ak elèv abitye avèk li soti 3è Ane rive 10èm Ane ki mezire matematik, lekti ak ekriti (math and reading skills, writing) nan grades 4, 8 & 10 epi nan syans nan grades 5, 8, & 11.

**HQT:** Tout profesè ap genyen yon Temporary or Professional Teaching Certificate nan matyè yap anseye ya **EPI** yo dwe pase yon Florida Subject Area Exam avèk yon rezilta ki satisfèzan na matyè lap anseye a.

**CCSS:** Common Core State Standards. Se yon Standards ki genyen yon list konesans avèk talan ke tout elèv dwe metrize nan chak klas ke yap pran. Yo reflekte “kisa” yon elèv dwe konnen.

**NoChild  
LeftBehind**



MONROE COUNTY SCHOOL DISTRICT

241 Trumbo Road  
Key West, FL 33040  
(305) 293-1400

## MONROE COUNTY SCHOOLS



## TITLE I



**PROGRAM LEKOL LA**

# PLAN SOU KI JAN PARAN KAPAB ENPLIKE NAN TITLE I

## ELEV YO

- Title I se yon program Federal ki bay lajan ak lekòl ki kalifye baze sou kantite timoun ki kalifye pou manje gratis (free/reduced lunch) lekòl la.
- Objektif Title I se bay bon kalite edikasyon ak tout timoun.
- Lajan Title I la pou li ogmante lajan distri a genyen.



## LEKOL LA

- Lekòl la dwe devlope program tout kalite pou paran yo kapab enplike epi patisipe.
- Li dwe ofri atelye travay avèk fòmasyon sou kijan paran yo kapab ede pitit yo resyisi.
- Li dwe bay materyèl ansanm ak enfòmasyon ki kapab ede paran yo travay avèk pitit yo.

## PARAN YO

- Paran yo gen dwa pou yo mande enfòmasyon sou kalifikasyon profesyonèl profesè pitit yo.
- Tout Paran gen dwa pou yo jwenn enfòmasyon si yon profesè ki pa HQT (Highly Qualified Teacher) fè plis pase yon 4 semèn ap anseye pitit yo.
- Tout Paran dwe resevwa enfòmasyon sou rezilta pitit yo fè nan egzamen Leta jan lalwa mande sa.
- Nou ap fèt tout efò nou pou nou kominike ak paran yo nan yon langaj yo ka konprann.
- Lekòl piti ou dwe genyen yon school-parent compact ke paran yo ak anplwaye lekòl la ekri.
- Compact la bay yon deskripsyon tout responsabiltè elèv la, paran li yo, profesè yo pou kapab ede elèv la reyisi nan tout bagay.

## KIJAN PARAN KAPAB EDE

- Se pou tout Paran revise lè fini siyen Compact la chak ane.
- Travay avèk lekòl la pou pitit li kapab toujou reyisi.
- Patrisipe nan School Advisory Council (SAC), oubyen tout lòt gwoup lekòl la genyen.
- Bay Tan li kòm Volontè, atansyon li ak talan li yo.
- Patrisipe nan rankont avèk atelye pou paran yo ansanm ak lòt konferans profesè oubyen lekòl yo òganize.
- Voye je sou devwa pitit yo.



## PLAN AN

Tout lekòl Title I school dwe devlope, dakò epi distribye yon plan bay paran yo ki di yo kijan yo ka patisipe.

- Oganize yon rankont chak ane pou eksplike paran yo kisa Title I la ye epi eksplike yo dwa yo genyen.
- Ofri paran yo diferan lè pou rankont yo.
- Enplike paran yo nan yon fason ki byen òganize konsa yo ka patisipe.
- Se pou lekòl bay Paran yo enfòmasyon sou diferan Title I programs ki eksplike kourikouloum la, egzamen elèv yo, epi pipiti pwen yon elèv kap fè pou li pase yon egzamen.

